

Kisa ou dwe fè si ou gen COVID-19, oswa si ou panse ou enfekte?

Kreye pa "COVID-19 Health Literacy Project" an kolaborasyon avèk "Harvard Health Publishing"

A kisa mwen ka atann mwen?

- Nòmalman, COVID-19 se yon maladi pa si grav. Moun ki an sante ki gen mwens pase 60 lane gen sentòm ki sanble ak grip: Sa yo se lafyèv (plis pase 100.4 °F [38°C]), tous sèch, gòj fè mal ak fatig pandan de semèn.
- Si ou gen sentòm pa si grav, ou dwe rele doktè ou. Di li si ou te an kontak ak lòt moun ki kapab te gen COVID-19.
- Doktè ou ap di ou si ou bezwen fè yon tès, ak ki kote ou ka fè tès la.
- Paske kounye a, tès yo pa toujou disponib, sa ka rive ke doktè ou di ou pouw rete lakay ou pandan katòz jou, oswa plis nan ka ou ta gen enfeksyon COVID-19 la.

Kilè mwen ta dwe wè yon doktè?

- Sentòm grav yo plis prezante lakay moun ki gen plis pase 60 lane, moun ki gen maladi kè, maladi poumon oswa kansè. Men, yon moun ki jèn e an sante ka toujou gen sentòm grav yo tou.
- Moun ki gen sentòm grav yo ka bezwen etènè lopital.
- Rele doktè ou ANVAN ou ale nan biwo doktè a oswa lopital.

Rele 911 oswa nenpòt nimewo ijans ki disponib nan zòn ou ye a si ou gen nenpòt nan sentòm sa yo:

- Pwoblèm pou respire
- Konfizyon oswa fatig toudenkou
- Chanjman koulè nan bouch ou oswa figiw (yo vinn pi fonse oubyen yo vinn ble)

Ki tretman medikal pou COVID-19 la?

- Pou kounye a, pa gen medikaman espesifik pou COVID-19.
- Anpil moun santi yo pi byen lè yo bwè anpil likid epi pran repo.
- Acetaminophen (Tylenol) kapab ede redwi lafyèv ak soulaje kò fè mal la.
- Si ou gen sentòm grav e ke ou dwe ale lopital, doktè yo ap fè yon plan espesifik pou pran swen ou.

Kouman Pou Mwen Evite fe Lot Moun Malad?

Si ou panse ke ou enfekte ak COVID-19, ou dwe izole tèt ou lakay ou



An jeneral, izolasyon nan kay la dire de semèn. Desizyon pou kanpe izolasyon nan kay la dwe pran avèk doktè ou.

Rete lwen lòt moun



Si sa posib, itilize yon twalet separe, youn chanm separe, ak yon kwizin ki izole de lòt moun. Mete yon mask nan figi ou si ou gen youn.

Kenbe menw pwòp



Kouvri bouch ou le wap touse oubyen etenye. Pa manyen je ou, nen ou ak bouch ou. Lave men ou avèk savon ak dlo pandan 20 segonn oswa itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl ladanl.

Kenbe kay ou pwòp



Pa pataje bagay pèsonel ou. Netwaye sifas ou itilize souvan yo (tab yo, manch pòt yo, telefòn yo, klavye yo, entèriptè limyè yo) chak jou. Itilize solisyon netwayaj ki gen omwen 70% alkòl ladan yo, oswa solisyon klowòks, oswa dezenfektan nan kay la.

Dat dènye revizyon an: 3/23/20